QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ





# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

*2022- jıl yanvar-avgust* (dáslepki maǵlıwmat)



**Sanaat statistikası bólimi**
**Tel.: 61-222-75-87**

# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

*(2022- jıl yanvar-avgust aylarında)*

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2022- jıldıń yanvar-avgust aylarında respublika kárxanaları tárepinen 11396,0 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2021- jıldıń yanvar-avgust aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi* 100,4 % ti quradı.

Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaatqa tuwrı kelip, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi (85,7 %) ti quradı.

| B | C | D | E |
|---|---|---|---|
| 0,8 % | 85,7 % | 12,8 % | 0,7 % |
| *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew* | *Islep shıǵaratuǵın sanaat* | *Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw* | *Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw.* |

## Tiykarǵı ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw, FKI* *% te*

| | *2021- jıl yanvar-avgust* | *2022- jıl yanvar-avgust* |
|---|---|---|
| B | 7,6 % | 101,6 % |
| C | 112,7 % | 100,1 % |
| D | 134,7 % | 100,7 % |
| E | 88,2 % | 124,3 % |

* **Sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi** *islep shıǵarılǵan ónimler (isler, xızmetler) kóleminiń sáykes dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.*

Jámi sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kóleminiń ósiwine tiykar bolıp, taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew sanaattıń - 1,6 % ke, islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaattıń – 0,1 % ke, elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw – 0,7 % ke hámde suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw – 24,3 % ke ósiwine xızmet etti.

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

**yanvar-avgust**

**B**

| | |
|---|---|
| **2022- jıl** 88,4 mlrd. sum | **2022- jıl** 101,6 % |
| **2021- jıl** 49,5 mlrd. sum | **2021- jıl** 7,6 % |
| **2020- jıl** 77,8 mlrd. sum | **2020- jıl** 18,8 % |

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2022-jıldıń yanvar-avgust aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 88,4 mlrd. sumdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,8 % tin quradı.

**Jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi, % te**

| | **2021- jıl** | **2022- jıl** |
|---|---|---|
| B | 0,5 % | 0,8 % |

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

**Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda,** *% te*




| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-avgust | 2022- jıl yanvar-avgust | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| **Hák tas, mıń t.** | 108,9 | 155,9 | 47,0 |







| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-avgust | 2022- jıl yanvar-avgust | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| **Tabiyiy gaz, mln. kub.m.** | 1346,7 | 927,0 | -421,7 |
| **Gaz kondensatı, mıń t.** | 64,6 | 54,1 | -10,5 |

## Islep shıǵaratuǵın sanaat







2022- jıldıń yanvar-avgust aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 8633,2 mlrd. sumdı yamasa jámi sanaat ónimleriniń 85,7 % tin quradı.

**2021-jıl yanvar-avgust** 85,4 %

**2022-jıl yanvar-avgust** 85,7 %

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,2 % ti (2021- jıl yanvar-avgust 1,3 %), orta-joqarı texnologiyalı – 63,2 % (67,7 %), orta-pás texnologiyalı 4,6 % (3,7 %) hám pás texnologiyalısı – 32,0 % (27,3 %) ti quradı.



*Jámi islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ximiyalıq ónimlerdi, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıwdıń úlesi – 63,7 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 98,7 %), azıq-awqat hám ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 14,7 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 102,8 %), toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 15,9 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 112,4 %), basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 3,5 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 120,8 %) quradı.*

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti

***Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda,** % te*



2022- jıldıń yanvar-avgust aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatta 1,4 mıń tonna tazalanǵan gúrish (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 20,0 % ke ósken), 19,5 mıń tonna paxta talası (18,8 %), 194,3 mıń tonna portlandcement (16,1 %), 27,9 mıń tonna paxta shigiti (8,8 %), islep shıǵarılıp, joqarı ósim páti gúzetildi. Sonıń menen birge 75,4 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (7,2 %), 9,5 mıń tonna paxtadan iyirilgen jip (10,7 %), 2235,6 mıń litr araq (10,3 %) hám 1,9 mıń tonna tazalanǵan ósimlik mayı (59,2 %) islep shıǵarılıp, 2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti páseygenligi gúzetildi.

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-avgust | 2022- jıl yanvar-avgust | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| | | | |
| **Araq, *mıń litr 100 % li spirt*** | 2493,2 | 2235,6 | -257,6 |
| **Polietilen, *mıń t.*** | 221,6 | 201,4 | -20,2 |
| **Polipropilen, *mıń t.*** | 62,6 | 56,5 | -6,1 |
| **Jumsaq biyday hám spelta unı, *mıń t.*** | 81,3 | 75,4 | -5,9 |
| **Paxta talası, *mıń t.*** | 16,4 | 19,5 | 3,1 |
| **Ósimlik mayı (tazalanǵan), *mıń t.*** | 4,6 | 1,9 | -2,7 |

## Ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw

*2021- jıldıń yanvar-avgust ayları juwmaǵına bola ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 67,0 % ti quraǵan, fizikalıq kólem indeksi bolsa 117,5 % ti quraǵan.*

*Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-avgust aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 63,2 % ti, fizikalıq kólem indeksi 98,4 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 6169,9 mlrd. sumdı quradı.*




## Basqa metal emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw




*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıl yanvar-avgust aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 2,8 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 92,4 % ke quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-avgust ayları juwmaǵına bola, basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 3,5 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 20,8 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 340,8 mlrd. sumdı quradı.*

## Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıl yanvar-avgust aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 13,0 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 97,6 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-avgust ayları juwmaǵına kóre, azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 14,5 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 12,9 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 1413,5 mlrd. sumdı quradı.*



## Ishimlik ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-avgust aylarında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,2 % ti, onıń fizikalıq kólem indeksi 128,4 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-avgust ayları juwmaǵına bola, ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,4 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 105,9 % ti hám islep shıǵarıw kólemi 135,2 mlrd. sumdı quradı.*




## Toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-avgust aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 11,1 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólem indeksi 113,5 % ti quraǵan.*

*Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-avgust aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 13,6 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólem indeksi 2,5 % ke kemeygen bolsa, islep shıǵarıw kólemi 1324,6 mlrd. sumdı quradı.*

## Kiyim islep shıǵarıw sanaatı

*2021- jıldıń yanvar-avgust ayları juwmaǵına bola, kiyim islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 0,7 % ti, fizikalıq kólem indeksi 82,9 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-avgust aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 1,1 % ti, fizikalıq kólem indeksi 150,6 % ti, islep shıǵarıw kólemi 105,3 mlrd. sumdı quradı.*



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 1458,2 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 12,8 % tin) quradı.

2022- jıldıń yanvar-avgust aylarında, sanaattıń usı tarmaǵında elektr energiyanı islep shıǵarıw, uzatıw hám bólistiriw, puw menen támiyinlew sistemaları hám hawanı kondiciyalaw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 0,7 % ke óskenligi gúzetildi.




## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-avgust | 2022- jıl yanvar-avgust | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Elektroenergiya,** *mln.kVt.s* | 3313,1 | 3668,2 | 355,1 |
| **Issılıq energiyası,** *mıń gkal* | 39,5 | 30,6 | -8,9 |
| **Gaz sıyaqlı janılǵını trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler,** *mlrd. sum* | 64189,0 | 72076,3 | 7887,3 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 81,3 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,7 % tin) quradı.

**yanvar-avgust**

2022- jıl
81,3 mlrd. sum

2022- jıl
124,6 %

2021- jıl
62,7 mlrd. sum

2021- jıl
88,2 %

2020- jıl
47,2 mlrd. sum

2020- jıl
47,2 %

E

### Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-avgust | 2022- jıl yanvar-avgust | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 5089,6 | 5849,0 | 759,4 |
| Qawipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 10634,1 | 11956,4 | 1322,3 |
| Suwǵa islew beriw hám suw trubaları arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 41313,4 | 43591,1 | 2277,7 |

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda suwǵa islew beriw hám trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler–5,5 % ke, aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler– 14,9 % ke, qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler–12,4 % ke óskenligi gúzetildi.

# Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

*Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 1880,3 mlrd. sumdı quradı hám 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 110,4 % ti, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 16,5 % ti quradı.*

## Azıq-awqat ónimleri

| 2021- jıl yanvar-avgust | 2022- jıl yanvar-avgust |
| --- | --- |
| 59,3 % | 65,9 % |

## Aziq-awqat emes ónimler

| 2021- jıl yanvar-avgust | 2022- jıl yanvar-avgust |
| --- | --- |
| 40,7 % | 34,1 % |

*Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw quramında vino hám araq ónimleri hám pivo 7,0 % (2021- jıl yanvar-avgust aylar ında 6,2 %) ti quradı.*

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 19,1 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 12,8 % ti, Ellikqala rayonı 10,3 % ti, Tórtkúl rayonı 8,7 % ti, Beruniy rayonı 7,0 % ti, Xojeli rayonı 6,9 % ti, Ámiwdárya rayonı 6,7 % ti hám Shımbay rayonı 6,0 % ti quradı.*

*Sonday-aq, tutınıw ónimlerin islep shıǵarılıwınıń ósim páti respublika ósim páti (110,4 %) darejesinen joqarı kórsetkish Shomanay (178,4 %), Qaraózek (162,7 %), Ellikqala (146,3 %), Moynaq (134,9 %), Ámiwdárya (129,5 %), Nókis (123,4 %), Shımbay (123,0 %), Taqıyatas (120,1 %), Xojeli (115,3 %) hámde Beruniy (113,0 %) rayonlarında quradı.*

## Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 19,1 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 12,8 % ti, Ellikqala rayonı 10,3 % ti, Tórtkúl rayonı 8,7 % ti, Beruniy rayonı 7,0 % ti, Xojeli rayonı 6,9 % ti hám Ámiwdárya rayonı 6,7 % ti quradı.*




*1578,4* mlrd. sum
2020- jıl

*1635,4* mlrd. sum
2021- jıl

*1880,3* mlrd. sum
2022- jıl




Jámi sanaat islep shıǵariw kóleminde tutınıw ónimleriniń úlesi

**2020- jıl** 103,2 %

**2021- jıl** 103,4 %

**2022- jıl** 110,4 %

## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵariwdıń respublikadaǵı jámi kólemindegi eń joqarı úles Ellikqala rayonına 20,3 % ti tuwrı kelip, sonday aq, Nókis qalası 13,5 % ti, Tórtkúl rayonı 9,7 % ti, Xojeli rayonı 9,6 % ti, Ámiwdárya rayonı 6,9 % ti, Shomanay rayonı 6,7 % ti hám quradı.

**591,1** mlrd. sum
2020- jıl

**665,1** mlrd. sum
2021- jıl

**641,3** mlrd. sum
2022- jıl




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat emes ónimleriniń úlesi

01 2020- jıl 101,3 %

02 2021- jıl 105,0 %

03 2022- jıl 102,8 %



## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Nókis qalası na tuwrı kelip 22,0 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 17,3 % ti, Tórtkúl rayonı 8,2 % ti, Beruniy rayonı 7,2 % ti, Shımbay rayonı 6,5 % ti, Xojeli 5,4 % ti hámde Qońırat 5,3 % ti rayonları quradı.




*987,3 mlrd. sum*
*2020- jıl*

*970,3 mlrd. sum*
*2021- jıl*

*1239,0 mlrd. sum*
*2022- jıl*




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat ónimleriniń úlesi

01 — 2020- jıl — 104,4 %

02 — 2021- jıl — 101,8 %

03 — 2022- jıl — 114,8 %

## Qaraqalpaqstan Respublikası qala hám rayonlar kesiminde sanaat islep shıǵarıw kólemleri

Respublikadaǵı sanaat islep shıǵarılıw quramında eń kóp úles Nókis qalası (Respublika sanaat islep shıǵarılıw kóleminiń 56,5 % ti), Taqıyatas (13,2 %), Qońırat (4,4 %), Tórtkúl (3,6 %), Ámiwdárya hám Beruniy (3,2 %) rayonlarına tuwrı kelmekte.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

| Jıl | Kólemi |
|---|---|
| 2020- jıl | 8702,6 mlrd. sum |
| 2021- jıl | 10832,6 mlrd. sum |
| 2022- jıl | 11396,0 mlrd. sum |



| Jıl | FKI |
|---|---|
| 2020- jıl | 101,3 % |
| 2021- jıl | 107,5 % |
| 2022- jıl | 100,4 % |

| | FKI, % te | mlrd. sum |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 105,2 | 365,6 |
| Beruniy | 116,1 | 359,0 |
| Bozataw | 99,6 | 15,9 |
| Qaraózek | 110,3 | 240,2 |
| Kegeyli | 109,6 | 119,9 |
| Qońırat | 98,7 | 497,8 |
| Qanlikól | 98,8 | 205,8 |
| Moynaq | 101,8 | 100,2 |
| Nókis r. | 106,5 | 215,9 |
| Taqıyatas | 100,1 | 1500,2 |
| Taxtakópir | 113,2 | 211,8 |
| Tórtkúl | 132,2 | 410,3 |
| Xojeli | 108,8 | 154,3 |
| Shımbay | 100,5 | 182,0 |
| Shomanay | 101,4 | 97,7 |
| Ellikqala | 105,4 | 282,0 |
| Nókis qalası | 96,7 | 6437,4 |

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Nókis qalasında (19472,9 mıń sum), Taqıyatas (19816,0 mıń sum) rayonında ortasha Qaraqalpaqstan Respublikası dárejesi kórsetkishinen (5827,8 mıń sum) ádewir joqarılaǵanın kórsetpekte.




### Qaraqalpaqstan Respublikası

2020- jıl — 4570,3 mıń sum

2021- jıl — 5515,1 mıń sum

2022- jıl — 5827,8 mıń sum



01 — 2020- jıl — 100,1 %

02 — 2021- jıl — 106,2 %

03 — 2022- jıl — 99,0 %

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıq jan basına tutınıw ónimleri islep shıǵarıwı 961,6 mıń sum bolǵanda Taqıyatas rayonında 3177,5 mıń sumdı, Taxtako'pir rayonında 1883,2 mıń sumdı, Ellikqala 1177,3 mıń sumdı, Shomanay rayonında 1051,2 mıń sumdı hám Xojeli rayonında 1024,3 mıń sumdı quradı.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

**2020- jıl** — 828,9 mıń sum

**2021- jıl** — 848,3 mıń sum

**2022- jıl** — 961,6 mıń sum



**2020- jıl** — 102,0 %

**2021- jıl** — 101,9 %

**2022- jıl** — 108,8 %



## Sanaat ónimleri islep shıǵarıwıda kishi biznestiń úlesi

*Esabat dáwirinde kishi isbilermenlik subyektleri tárepinen 2147,1 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılıp, onıń ulıwma islep shıǵarıw kólemindegi úlesi 18,8 % ti quradı.*




### Qaraqalpaqstan Respublikası

**2020- jıl**
1847,0 mlrd. sum

**2021- jıl**
1942,5 mlrd. sum

**2022- jıl**
2147,1 mlrd. sum



**2020- jıl** 21,2 %

**2021- jıl** 18,3 %

**2022- jıl** 18,8 %

## Respublikada hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları

Búgingi kúnde respublikada 3434 sanaat kárxanaları hárekette bolıp, sonnan 1938 (hárekettegi kárxanalar ulıwma sanınıń 56,4 %) Nókis qalasına 683 (19,9 %), Tórtkúl rayonına 352 (10,2 %), Ámiwdárya rayonına 313 (9,1 %), Ellikqala rayonına 296 (8,6 %), Beruniy rayonına 294 (8,6 %) tuwrı kelmekte.




### Jańadan ashılǵan kárxanalar

- 2020- jıl — 454 dana
- 2021- jıl — 573 dana
- 2022- jıl — 525 dana



### Hárekettegi kárxanalar

- 2020- jıl — 2610 dana
- 2021- jıl — 3255 dana
- 2022- jıl — 3434 dana